

Tout tibebe kriye.

Gen tibebe ki pi fasil pou konfòte yo, men gen lòt ki pase konbyen èdtan ap kriye kèlkeswa sa w fè. Tande yon tibebe k ap kriye se yon bagay ki di anpil pou paran. Ou ka ap poze tèt ou kesyon kisa tibebe a genyen, e ou ka santi ke w ta dwe ka rezoud pwoblèm nan.

Tibebe w la pa kriye paske l gate, li fache kont ou oubyen l ap eseye kontwole w. Tibebe renmen moun ki pran swen yo.

Tout tibebe kriye pafwa, men ou ka ede pa w la kriye mwens

Pran tibebe w la touswit lè l kriye. Ou pa ka gate yon tibebe. Ou ka aprann li fè w konfyans. Si w reponn apèl li pou èd touswit, an gwo l ap rele mwens.

Pote tibebe w la nan yon echap oubyen nan yon sipò pou pote timoun ki fèt an twal. Tibebe yo pote plizyè èdtan pa jou kriye mwens.

Gen tibebe ki fè mye si yo ka manje epi dòmi a menm lè a chak jou.

Kenbe tout bagay kal epi trankil pou yon tibebe ki kriye lè l fatige. Eseye limyè ki ba, epi jis kite yon sèl granmoun avèk timoun nan.

Si tibebe w la kriye pandan yon pil tan chak jou, e ou pa ka konfòte l, tcheke doktè oubyen enfimyè l pou konn si li pa fè alèji, si gen manje li pa ka tolere, si li pa gen asid sou lestomak li, si li pa gen ekzema oubyen lòt pwoblèm sante.

Si tibebe w la gen mwens ke 6 mwa e li manje manje solid, eseye ba l lèt tete oubyen lèt nan bwat jiskaske l gen 6 mwa.

Konfòte tibebe w la

Tout tibebe gen yon sans natirèl pou yo souse. Tibebe w la ka bezwen souse menm lè l pa grangou. Eseye yon sison, oubyen lave men w epi kite tibebe w la souse dwèt ou, oubyen ede tibebe w la jwenn dwèt pa li pou l souse.

Tibebe bezwen yo kenbe yo. Li konfòte tibebe a anpil pou l jis bò kote w.

Al mache a tibebe a nan yon chèz woulant ka ede.

Pifò tibebe ki gen apeprè mwens ke 4 mwa pi konfòtab lè yo vlope yo byen fèm nan yon dra mou oubyen lè yo kouvri yo. Eseye vlope tibebe w la avèk bra li sou kote l. Aprè sa mache avèk li oubyen balanse l. Si li toujou pa kontan, ofri l yon sison oubyen ede l jwenn dwèt li pou l souse yo.

Tibebe renmen mouvman leje ki ritme, avèk sa eseye kenbe tibebe w la pandan w ap mache, oubyen lè w chita nan yon dodin. Oubyen mete tibebe w la sou zepòl ou, epi balanse l ale retou tou dousman.

Massachusetts Department of Public Health • Division of Violence and Injury Prevention
Shaken Baby Syndrome Prevention Initiative • 617-624-5490 (assistance available in other languages)
TTY 617-624-5992 • www.mass.gov/dph/fch

#SB3102
Haitian Creole
2008

Ou ka bezwen fè tibebe w la rann gaz aprè w fin ba l manje oubyen ou ka menm bezwen sispann pandan w ap ba l manje pou fè l rann gaz.

Distraksyon

Si tibebe w la ajite men li pap kriye anpil san rete, eseye distrè l.

Jwe jwèt bouche zye yo rele "peekaboo" a avèk li oubyen kenbe l bò yon fenèt kote l ka wè yon ri ki okipe oubyen lòt timoun k ap jwe. Montre l yon jwèt nòmal ,oubyen yon jwèt ki pandye nan bèso l.

Son

Pifò tibebe renmen son ki fè yo sonje sa yo te konn tande avan yo te fèt. Li pat trankil anndan matris la--- son kè ak sikilasyon san manman an fè anpil bwi. Son ritmik, monotòn epi fiks pi bon.

Eseye yon revèy ki mache byen fò, vakyòm net-wayaj, vantilatè, èkondisyone, machin yo lave veso, machin yo vale oubyen seche rad. Men pa janm mete tibebe w la sou tèt yonn nan bagay sa yo.

Eseye mennen tibebe w la nan twalèt la epi ouvè dlo benywa ak vantilatè a, men pa limen limyè a. Chante pou tibebe w la.

Kisa ki pa ede

Medikaman tankou kalman, medikaman pou doulè, medikaman pou mal kamyon, "lactase" oubyen "Simethicone" pa travay pou diminye kriye tibebe a, e li ka danje tou. Tcheke avèk doktè oubyen enfimyè tibebe w la avan ou ba li oken medikaman.

Lè tibebe w la pa ka sispann kriye

Retire rad sou li pou wè si gen yon bagay nan rad li ki fè l pa konfòtab, oubyen si gen yon branch cheve ki kole nan dwèt men l oubyen nan fant zòtèy li.

Tibebe w la ka malad. Si tibebe w la ap vomi, li gen dyare, oubyen li gen yon fyèv ki pi wo ke 100.5°F (38 °C), oubyen ou wè l sanble li gen doulè oubyen li aji tankou yon timoun ki malad, rele doktè oubyen enfimyè l.

Tibebe w la ka ap fè dan. Tcheke avèk doktè oubyen enfimyè tibebe w la sou kisa ou ka fè.

Eseye mete tibebe w la nan yon chèz yo pote tibebe oubyen nan yon sipò yon fason pou men w ka lib pou fè lòt bagay. Tibebe w la renmen prè w menm lè li pa kontan.

Pa bliye ke se pa oumenm k ap fè timoun nan kriye. Tibebe w la menm pi mizerab pase w.

Si ou vrèman fristre oubyen fache

Mete tibebe a kouche sou do li nan yon kote ki an sekirite, tankou bèso li, epi kite chanm nan jiskaske ou kalme tèt ou. Pran yon ti tan de son kriye a.

Mete mizik nan zòrèy ou avèk ekoutè, oubyen pran yon beny avèk vantilatè a ouvri.

Rele yon zanmi, oubyen manman ou oubyen papa ou jis pou pale.

Liy Telefòn pou Paran ki Estrese yo (The Parental Stress Line) bay sipò gratis anonim 24 sou 24 nan 1-800-632-8188 (gen èd ki disponib nan lòt lang).

Pran swen tèt ou

Pa dòmi ase rann tout bagay pi difisil. Eseye dòmi lè tibebe w la ap dòmi.

Ka gen yon gwoup pou manman tou prè w la, oubyen ka gen yon Sant Resous pou Fanmi nan vil kote w rete a. Ou ka rele pwogram yo rele "Parents Helping Parents" (Paran Ede Paran) nan 1-800-632-8188 pou yo ka ede w jwenn yon gwoup pou paran.

Oubyen ou ka tcheke sit entènèt yo a nan www.onetoughjob.org pou jwenn konsèy pou paran.

Pa janm souke yon tibebe.

Souke oubyen frappe yon tibebe ka lakoz domaj pèmanan nan sèvo oubyen lamò.

Pou plis enfòmasyon telefòne 617-624-5490 (gen èd ki disponib nan lòt lang).
oubyen tcheke www.mass.gov/dph/fch.